



Enstriksyon pou Ranpli Aplikasyon pou Alokasyon pou Antèman M-860w (Haitian Creole)

■ Nimewo Reklamasyon Antèman

Aprè Biwo Sèvis Antèman (Office of Burial Services, OBS) resevwa aplikasyon konplè a, y ap mete yon Nimewo Reklamasyon pou Antèman epi OBS ap antre nimewo a sou tèt fòm lan.

■ Dat Jodi a

■ Seksyon A ak B

Tanpri ranpli tout enfòmasyon ki konsène moun ki te mouri a (n ap rele moun ki mouri a defen an nan aplikasyon an). Li enpòtan pou ou bay tout detay sou defen an pou montre laj li, dat li mouri a, rezidans li, maryaj ak depandan ak sitiyasyon veteran li.

Si ou pa ka bay enfòmasyon ki idantifye defen an, nou ka ede. Si yo te deja yon sètifika desè ou kapab itilize li pou bay kèk enfòmasyon ki idantifye pou defen an.

■ Seksyon C

Pou nou kapab detèmine si defen an te gen resous finansye pou peye nan pou depans antèman yo, bay tout detay ou kapab sou finans defen an, travay li ak resi pou asistans piblik li yo. Si ou pa kapab bay enfòmasyon sa yo, nou ka ede.

■ Seksyon D ak E

Si defen an te gen yon testaman oswa yon byen imobilye oswa yon aksyon annatant nan Tribinal Siksesyon ak Titèl oswa Siksesyon, ou dwe bay enfòmasyon pou kontakte moun ki responsab pou zafè sa yo. Biwo nou an ka mande pou kontribye oswa ranbouse frè pou antèman si y ap jere pwopriyete defen an.

Yo dwe itilize nenpòt pwopriyete oswa lajan kach li te posede epi ki disponib nan moman defen an te mouri a pou peye pou dispozisyon final la (ki gen ladan antèman, ensinerasyon ak antere sann ensinerasyon an). Nan kèk ka, aksè nan pwopriyete a ka mande pou ale nan tribinal. Tanpri di nou epi nou ka ede ou ak yon referans apwopriye.

Nan seksyon E, tanpri ekri tout byen oswa enfòmasyon sou pwopriyete pèsònèl defen an.

(Vire Paj la)

■ Seksyon F

Antanke aplikan an, ou pa bezwen bay enfòmasyon finansye pa ou, sòf si ou se yon fanmi ki legalman responsab epi ki defini nan pwochen seksyon an. Bay enfòmasyon ou yo epi idantifye relasyon ou ak defen an.

Seksyon F mande enfòmasyon debaz sou ou ak relasyon ou ak defen an. Yo ka mande plis enfòmasyon.

■ Seksyon G

Yon fanmi ki responsab legalman (Legally Responsible Relative, LRR) se yon moun ki legalman marye ak moun defen an oswa paran an oswa reponsab legal yon defen ki poko gen 21 lane. LRR la te oblije ap viv nan menm kay avèk defen an nan moman li mouri. Yon LRR responsab pou peye pou dispozisyon final defen an.

Si LRR la pa ka peye bòdwo antèman an, LRR a dwe bay prèv li pa gen resous finansye.

■ Seksyon H

Tanpri bay detay sou pri dispozisyon final la (ki gen ladan antèman, ensinerasyon oswa antere sann ensinerasyon an). Tanpri bay yon kopi nenpòt bòdwo oswa resi ou te resevwa.

■ Pou ranpli aplikasyon an

Nan fen aplikasyon an, aplikan an ap siyen epi mete dat aplikasyon an.

Si aplikan an chwazi pou fè yon moun aplike pou li, aplikan an ap gen pou li ekri yon deklarasyon ki otorize moun nan pou li ranpli aplikasyon an. Deklarasyon an ta dwe gen ladan l dat la, non aplikan an, adrès, telefòn ak adrès imèl li epi endike moun yo chwazi a gen otorite pou ranpli epi soumèt aplikasyon an. Yon manm pèsònèl OBS ap kontakte aplikan an pou verifye enfòmasyon yo. Reprezantan otorize a ap gen pou siyen aplikasyon an devan yon Notè Piblik oswa yon Komisyone Papyè Notarye.